

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV, bisa dicindekeun hal-hal saperti ieu di handap.

- a) Kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi taun ajaran 2015/2016 saméméh dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar maké média audio-visual hasilna nya éta can tuntas, kalawan katitén tina hasil pratés siswa anu rata-ratana 72,8%.
- b) Kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi taun ajaran 2015/2016 sabada dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar maké média audio-visual hasilna nya éta tuntas, kalawan katitén tina hasil postés siswa anu rata-ratana 81,7%.
- c) Aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung postés atawa kamampuh siswa dina nyaritakeun tokoh idola saméméh jeung sabada maké média audio-visual. Buktina aya béda anu signifikan, bisa katitén tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén $t_{itung} (10,86) > t_{tabel} (2,46)$. Ieu nuduhkeun hipotésis gawé (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina “aya béda anu signifikan antara kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016 saméméh dibéré pangajaran nyaritakeun tokoh idola nu maké média audio-visual jeung hasil postés siswa sabada dibéré pangajaran nyaritakeun tokoh idola nu maké média audio-visual. Hartina média audio-visual bisa ngaronjatkeun kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Média audio-visual dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa nyaritakeun tokoh idola. Nalika dilarapkeun kana kagiatan diajar-ngajar, média audio-visual meunang réspon anu positif ti siswa. Kabukti yén siswa téh kairut nalika média ieu diputer di kelas. Siswa leuwih merhatikeun sarta kairut kana média pangajaran nu digunakeun nalika kagiatan diajar-ngajar keur lumangsung.

Ku kituna nalika ngagunakeun média audio-visual siswa teu gampang ngarasa bosen ogé kagiatan diajar-ngajar téh teu monoton.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu di handap ditétélakeun sababaraha saran.

- a) Dumasar hasil panalungtikan, média audio-visual kaasup média anu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nyaritakeun tokoh idola. Ku kituna média audio-visual bisa jadi salah sahiji alternatif pikeun guru dina kagiatan diajar-ngajar.
- b) Guru basa Sunda ditungtut parigel dina milih jeung nangtukeun modél, métode, téhnik, jeung média nalika kagiatan diajar-ngajar sangkan siswa kairut tuluy bisa ngaronjatkeun préstasi siswa.
- c) Disarankeun modél, métode, téhnik, atawa média anu digunakeun kudu luyu jeung matéri anu rék ditepikeun atawa diajarkeun ka siswa, sangkan siswa teu gampang ngarasa bosén nalika kagiatan diajar-ngajar.
- d) Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega.